

Men Kisa Paran Bezwèn Konnen Anvan Yo Siyen Batistè a



1. Men sa w bezwen konnen anvan w siyen ak nesans tibebe w la.

a. Bay pitit ou yon non

- Gen yon reprezantan ki jere batistè kap rele w nan landemen apre pitit ou a fèt pou l pran non legal yap anrejistre pou tibebe w la, epi lap pran enfòmasyon demografik konsènan toulede paran yo, ak enfòmasyon pou estatistik Biwo Eta Sivil Leta (State Office of Vital Statistics) konpile.

b. Lè Manman an/Paran an pa marye, men kijan pou mete non Papa a/Paran an sou batistè a.

- Si yon papa bezwen etabli patènité, fòk li prezante avèk yon kat idantifikasyon gouvènman an bay, epi fòk li siyen batistè a devan yon notè. Si papa a pagé yon kat idantite, fòk li mennen 2 temwen ki pou sètifye ak siyen.
- Si papa a/paran an pa disponib lè tibebe a fèt oswa li pa disponib lè yap prepare batistè a, yo kapab kontakte Depatman Patènité a nan Biwo Eta Sivil la, (Bureau of Vital Statistics' Paternity Unit), nan 904-359-6900, ekstansyon 9004 pou mande yo ajoute non papa a lè yo fin soumèt dosye a.

c. Revwa enfòmasyon pèsonèl sou Fèy Revizyon Sètifikasi Nesans Vivan an (Live Birth Certificate Review Sheet).

- Yon fwa reprezantan kap jere sètifikasi nesans la fin rasanble enfòmasyon ki obligatwa nan dosye medikal ak enfòmasyon yo rekeyi nan entèvyouve paran yo, alèkile yo pral mande w pou revwa enfòmasyon an pou ka di si li kòrèk.
- Yon fwa yo fin soumèn dosye a bay Biwo Eta Sivil Leta a, kèlkeswa amandman ki gen pou fèt la, fòk se Biwo Eta Sivil la ki pou fè l dirèkteman, sepandan yap reklame yon frè \$20 kòm frè administratif.

d. Men kijan pou jwenn nimewo Sekirite Sosyal tibebe w la.

- Dosye nesans la se yon dosye ki pèmèt ou, oumenm antanke paran, pou kapab jwenn yon nimewo Sekirite Sosyal pou tibebe w la. Lè w seleksyone "Yes (Wi)" sou dosye nesans tibebe w la, Biwo Administratif Sekirite Sosyal la (Social Security Administration) pral voye yon nimewo Sekirite Sosyal pou tibebe w la epi yap voye kat la pou ou pa lapòs nan kat a sis semèn konsa.
- Gen yon reprezantan ki jere batistè a ki pral ba ou yon resi ki montre ke w aplike pou Nimewo Sekirite Sosyal pou tibebe w la. Si w gade anba resi a, wap wè sit entènèt Depatman Sante a (Department of Health) ansanm ak lòt enfòmasyon ki enpòtan.



2. Men kisa pou fè pou resevwa yon kopi batistè ptit ou.

- a. Ale nan sit entènèt flhealth.gov/certificates pou telechaje (download) aplikasyon yo pou ka kòmande dokiman ki sètifye nan Biwo Eta Sivil Florida (Florida Vital Records) pa lapòs.
- b. Ou ka kòmande yon kopi batistè ptit ou nan VitalCheck <https://www.vitalchek.com/v/>
- c. Ou ka kòmande I nan biwo depatman sante bò lakay ou tou. Lè yo pral fè revizyon an, se lè sa a yap ba w yon aplikasyon ak tout detay ladann. Epitou ou ka kontakte biwo Eta Sivil la (Vital Records) nan 904-359-6900, ekstansyon 9000.

3. Si w gen kesyon konsènan Sètifikasi Nesans Vivan:

- a. Rele nan 786-594-6400 epi yon ajan pral konekte w ak reprezantan ki jere sètifikasi nesans nan etablisman kote w akouche a.



Eskàne kòd QR la pou ka
gen plis enfòmasyon.



**Baptist
Health**